

“Novel *Sintru, oh Sintru* Anggitane Suryadi WS

Kawawas Saka Teori Strukturalisme Dinamik”

M. Abdullah Faqih

### Abstrak

Karya sastra bias dideleng minangka kedadeyan social. Kedadeyan social kang digambarake ing karya sastra gegayutan karo urip bebrayan. Perkara iki mbuktekake menawa karya sastra iku gegambarane urip, saengga bias nggambarake kanyatan sajrone manungsa. Uga karya sastra minangka babagan kang nggawa makna menyang struktur intrinsik sajrone novel.

Kanggo ngoceki karya sastra bias nggunakake salah sawijine teori yaiku strukturalisme minangka pengembangan saka teori murni utawa klasik. Struktur dinamik medharake karya sastra kang dadi tampilan pikiran, pandhangan, lan konsep donya saka pangripta iku kanthi nggunakake basa minangka tandha (*ikonik, simbolik, lan indeksial*) saka sawernane makna.

Tembung wigati : Strukturalisme Dinamik, Struktur Intrinsik, lan Pralambang.

## 1. PURWAKA

Sastra iku sawijine wujud lan asil saka seni *kreatif* kang objeke manungsa lan uripe kanthi lumantar basa kanggo mediane. Karya sastra ora mung dadi media kanggo ngumpulake ide, teori utawa sistem pemikiran manungsa, nanging karya sastra uga minangka karya kang kreatif. Karya sastra kang dimaksud iku nduweni teges kreatif yaiku karya sastra kudu bisa nuwuhake kreasi kang endah lan bisa ngaturake kaendahane dening pemaos.

Ana pirang-pirang konsep ngenani pangerten karya sastra. Karya sastra yaiku karya seni imajinatif, kang unsur estetise luwih akeh, nggunakake piranti basa (Wellek lan Warren, 1990:23-25). Pangerten liya ngenani karya sastra diandharake dening Purwadi (2009:2) karya sastra yaiku reriptane basa adhedhasar konvensi tartamtu kang ngadharake rerekane manungsa saka kanyatan sosial.

Novel bisa diandharake minangka sawijining sastra Jawa awujud prosa, yaiku karya sastra kang bisa diwedharake babagane kanthi cara bebas. Novel uga medharake babagan kang luwih akeh, luwih rinci, luwih detail lan luwih akeh nglibatake perkara kang luwih kompleks yen

dibandhingake cerkak. Cerkak iku crita ganjaran kang ngandharake kedadean utawa lelakon saka wiwitan nganti pungkasan kanthi cekak.

Panliten iki bakal ngonceki salah sawijining novel basa Jawa anggitané Suryadi WS kanthi irah-irahan *Sintru, oh Sintru*, ana sawijining karya sastra kang dadi kawigatene penulis yaiku novel *Sintru, oh Sintru* anggitané Suryadi WS. Novel iki nduweni ciri-ciri kang mirunggan jalaran nemoni pralambang kang gegeyutan karo urip bebrayan masyarakat.

Suryadi WS mujudake juru sastra gagrang anyar periode taun 1970-an. Ing periode 1970 iki akeh pangripta kang muncul yaiku Tiwik S.A, Suharmono K Arswendo Atmowilanto, lan liya-liyane. Suryadi WS iku jeneng asline Suryadi, jeneng WS iku singkatan saka asmané bapaké, yaiku Sukardi Warna Sukardja (Tirto Suwando dkk, 2006).

Panliten iki lelandasan teori strukturalisme dinamik, nanging kanggo ngonceki diwiwiti kanthi analisis struktur. panemune Teuw (1984:154) kang ngandharake menawa analisis struktur karya sastra yaiku upaya kanggo ngeksplisitake lan nyistematisake apa kang dilakoni sajrone proses pamaosan lan mangerteni karya sastra. Konsep tema nggunakake panemune Aminuddin (1987:91) kang ngandharake menawa tema yaiku ide kang dadi dhasar crita saengga nduweni paedah minangka punjere pangripta sajrone jlentrehake karya fiksi kang diripta. Konsep paraga miturut panemune Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2005:166) yaiku pawongan kang kacrita sajrone karya naratif utawa drama, kang dening pamaos ditafsirake nduweni kualitas moral lan patrap tartamtu kayata kang diwedharake ing pocape lan apa kang kaleksanan sajrone patrape. Konsep alur nggunakake panemune Aristoteles (ing sajrone Nurgiyantoro, 2010:144-145) ngandharake yen tataran alur sajrone prosa fiksi ana telu yaiku perangan awal (*beginning*), perangan sampingan (*middle*), lan perangan pungkasan (*end*). Dene konsep Kelir (*setting*) miturut Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2005:216) kang ngandharake menawa kelir utawa *setting* luwih pinuju dening panggonan, gegayutan karo wektu, konflik lan lingkungan sosial panggonan dumadine prastawa kang dicritakake.

Ananging strukturalisme dinamik ngrembaka saka maneka sumber, kanggo bisa mangerteni apa kang dibutuhake pamawas kang amba sajrone wacan ngenani simbol, tandha utawa semiotik lan feminisme. Babagan iki ditindakake kanggo ngelantipake analisis lan mebedahake strukturalisme dinamik kelawan kritik-kritik liyane.

Panaliten iki nggunakake metode kang asipat dheskriptif kualitatif yaiku panliten kang ora merlokake itung-itungan, nanging adhedhasar ndheskripsikake kanyatan kanthi nggunakake basa kanggo mangsuli prakara kang ditliti. Panulis nggunakake jinis panliten kualitatif amarga panliten iki awujud data dheskripsi tetembungan lan ukara kang kaandharake saka novel *Sintru, oh Sintru* anggitané Suryadi WS

Panaliten ngenani aspek pralambang sajroné novel *Sintru, Oh Sintru* iki nduweni sumber data utama. Sumber data kasebut arupa tata cara normatif kang kadhang kala diandharake kanthi sumirat, nanging ing kalodhangan iki diandharake kanthi sinurat nganggo basa verbal. Kaya dene sarane Lofland, sumber data utama sajroné panaliten kualitatif iku arupa tetembungan lan tumindak, saluwihé iku mujudake data tambahan. Sajroné panaliten iki, sumber data utama uga bisa kajupuk saka saperangan conto tumindak minangka ajaran kang diwedharake kanthi ilustratif saka novel *Sintru, Oh Sintru*.

Adhedhasar andharan ing dhuwur, cara kang digunakake kanggo Ndheskripsikake analisis data ngenani struktur Intrinsik crita novel *Sintru, oh Sintru* anggitané Suryadi WS ndheskripsikake pralambang apa wae kang ana ing novel *Sintru, oh Sintru* anggitané Suryadi WS, ndheskripsikake gegayutane struktur intrinsik lan pralambang novel *Sintru, oh Sintru* anggitané Suryadi WS.

## **2. ANDHARAN**

### **2.1 Struktur Simbolik**

Karya sastra kang dadi tampilan pikiran, pandhangan, lan konsep donya saka pangripta iku kanthi nggunakake basa minangka tanda (*ikonik, simbolik, lan indeksikal*) saka sawernane makna. *Ikonik, simbolik, lan indeksikal* sajroning novel *Sintru, oh Sintru* yaiku

#### **2.1.1. Ikonik**

##### **2.1.1.1 Minggate Sintru**

Pralambang minggate Sintru bisa ditafsirake yen Sintru iku nuju ing *peradaban kebudayaan barat*. Minggate Sintru saka telatah Mediun nuju telatah Jogja utawa arah wetan nang kulon adhedhasar Pepinginan Sintru amrih oleh kalungguhan sejajar karo priya ora mung ing pegaweyan wae, nanging kalungguhan iku uga ing perkara nata bale wisma. Sintru ora gelem dijajah lan dikuwasai dening Priya, kaya lumrahe wong lanang dening bojone. Nalikane Sintru

pepinginan omah-omah karo Mursid, Sintru nduweni panjaluk Kang nemtokake kawicaksanan bale wisma iku Sintru dudu Mursid. Pepinginan kang kaya ngono iku wis dadi wateke Sintru.

“Aku ora njaluk tebusan. Mas, mung siji panjalukku : kowe aja njajah lan nguwasani aku kaya lumrahe wong lanang dening bojone. Dak cukupi kabeh kebutuhanmu, dak aturi kabeh panjalukmu, nanging kowe kudu manut aturanku. Cekake : sing nentokake kawicaksanan bale wisma aku.”

(Suryadi WS, 1993:63)

Budayane wong kulonan beda karo budaya wetanan. Budaya Jawa njunjung anane adat istiadat utawa tata krama kang diugemi awit jaman leluhure. Sawalike ing negara kang dadi pujer teknologi kaya negara Amerika lan Eropa, ing kono manungsa kudu ngetutake lumakune jaman lan kalungguhane wanita karo priya sejajar ing pegaweyan lan perkara nata bale wisma.

Indonesia minangka sawijining negara kang ana ing wewengkon Asia lan nduweni suku bangsa kang akeh banget. Mula ora mokal yen ing Indonesia tinemu akeh banget suku bangsa. Salah sawijining kang paling gedhe kabudayan kang ana ing Indonesia yaiku kabudayan Jawa. Adate budayane wong *timur* ngangep yen wantia iku isih sangisore pria, perakara nata bale wisma. wanita mung bisa ngerjakake perkara dapur, resik-resik omah, nata panganan, nyuci klambi lan setlika. Bedha karo budaya barat, ing barat *persamaan Gender* dijujung tinggi, ora ana bedhane wong wadon lan priya, salah sawijine negara maju ing kono perkara bale wisma iku ana jenenge bapak rumah tangga. Ing telatah barat wanita bisa ngelakoni pegaweyane pria uga sewlike. Kahanan kang kaya ngono iku wis dilakoni Sintru, lumaku telung sasi jejodohan karo bocah lanang bagus yaiku suntar.

“Kuwajibane sutar mung ngopeni ula lan sapi lanang sing galake kepati. Iku yen awan. Lan yen bengi ngopeni sintru dhewe sing ora kalah galak karo ula lan sapi iku. Ana tambahane jebibahan sithik tumrap suntar, yaiku, yen sore setlika sandangane sintru lan nata dhahar kanggo sore iku.”

(Suryadi WS, 1993:57)

Idiologi Feminisme kang dinduweni Sintru nalika nyawang candhi Jonggrang saka omahe. Sintru pepinginan wanita Jawa bisa ndhobrak dominasi priya aja nganthi nggantungake urip dening priya. Mundhak dijajah sawiyah-wiyah. Ironing teks pepinginan Sintru ndhobrak dominasine para priya.

“Sajake Adhik klebu wanita sing kepengin maju. Aku iki kapinujon duwe pawitan dhewe. Nanging pawitan iku ora angel kok. Yen kowe gelem tanpa njagakake kawelasane wong liya, dak kira iku luwih becik tinimbang mung dadi rewang. Aku seneng wanita-wanita padha tanpa njagakake kawelasane wong liya, ora nggantungake urip dening priya. Mundhak dijajah disawiyah.”

“Aku Sintru, aku pepinginan wanita-wanita padha wani ndhobrag dominasi para priya ing urip bebrayan iki aja padha gelem dijajah, disawenang kanggo piranti golek kemareman mawa kudhung tembung takdir, wanita iku sarwa alus, endah lan sapanugalone. Yen wanita padha gelem gumregah tanpa njagakake kawelasane wong liya, ora mokal abad sing bakal teka iki dadi abad wanita, sawise lumaku puluhan abad priya.”

(Suryadi WS, 1993:48-50)

### **2.1.1.2 Gunung Merapi**

Pralambang Gunung Merapi jroning novel *Sintru, oh Sintru* bisa ditafsirake cita-cita utawa kekuasaan. Cita-cita iku dibangun nganti susah payah, kaya wanita jawa arane Sintru. Pepinginan Sintru amrih oleh kalungguhan sejajar karo priya ora mung ing pegaweyan wae, nanging kalungguhan iku ana ing perkara nata bale wisma. Sintru ora gelem dijajah lan dikuwasai dening Priya, kaya lumrahe wong lanang dening bojone. Nalikane Sintru pepinginan omah-omah karo Mursid, Sintru nduweni panjaluk kang nemtokake kawicaksanan bale wisma iku Sintru dudu Mursid. Pepinginan kang kaya ngono iku wis dadi wateke Sintru.

“Aku Sintru, aku pepinginan wanita-wanita padha wani ndhobrag dominasi para priya ing urip bebrayan iki aja padha gelem dijajah, disawenang kanggo piranti golek kemareman mawa kudhung tembung takdir, wanita iku sarwa alus, endah lan sapanugalone. Yen wanita padha gelem gumregah tanpa njagakake kawelasane wong liya, ora mokal abad sing bakal teka iki dadi abad wanita, sawise lumaku puluhan abad priya.”

(Suryadi WS, 1993:50)

Manungsa ing alam donya iku kudu nduweni cita-cita, amarga cita-cita iku bisa ngubah awake dhewe luwih apik samubarange, lan dadi makhluk kang ora dianggep remeh karo kiwa tengene ing urip bebaryan.

Ora ana wong kang gelem urip rekasa. Kabeh wong mesthi nduweni pepinginan urip kang mulya. Mula lumrah yen saben wong nduweni pengarep-arep nduweni pakaryan kang bisa mulyakake uriipe. Nanging ora ateges anggene ngupadi kamulyaning urip iku kanthi tumindak culika.

Maneka cara ditindakake dening para panguwasa kanggo nggayuh apa kang dadi pepinginane. Cara kang kerep ditindaskake yaiku kanthi ngumbar janji rikala isih kampanye. Sajroning kampamyé kasebut akeh kang janji bakal ndadekake urip bakal mulya. Nanging emane janji-janji mau ora dilaksanakake malah kepara dilalekake. Janji-janji kang kerep diucapake rikala sumpah jabatan mung dadi pemanis wae.

Janji minangka samubarang kasanggupane manungsa kanggo nindakake samubarang kang wis disarujuki dening liyan. Ana kang kandha yen janji iku padha karo utang. Yen janji iku dipadhakake karo utang samesthine kudu dibayar. Mbayare janji iku ora mbayar kanthi wujud dhuwit nanging kanthi nindakake apa kang wis dijanjikake mau. Akeh wong sing seneng janji nanging isih sethithik wong kang gelem nindakake janji mau. Akeh-akehe wong kang janji mau padha nyulayani janji apa kang diucapake. Ora mblenjani janji uga bisa digunakake kanggo nggayuh kapercayaning liyan sarta kanggo njaga kawibawan. Wong kang kerep mblenjanji janji kawibawane bakal ilang semono uga sawalike wong kang njaga kapercayaning liyan kanthi ora mblenjanji janji kawibawane tansah ngrembaka. Ing novel Sintru uga ana salah sawijine paraga kang wis nglanggar sumpah jabatane.

“Sakawit sedayaku pancen temen-temen mung kepengin tetulungan, nganti dak rewangi nglanggar sumpah jabatanku. Nanging aku isih mung manungsa lumrah kang ora luput saka kekurangan lan keringkahan. Sawise ngrasakake madu kang sumimpen ing barang wadine Sintru, aku ora bisa selak dening sifat manungsaku, satemah kaya diithik-ithik setan, meh saben minggu kaping pindho tumindak jember mau dak baleni. Nganti dheweke kelakon mbobot telung sasi. Ya ing wektu iku aku krasa yen wis kesasar adoh saka dalaning kautama. Jiwaku tansah diburu-buru rasa dosa lan keduwung. Luwih abot maneh sangganing batinku bareng Sintru tansah dredah karo

Candra, nganti kelakon dheweke nggeblas lunga ing kahanan wis wanci babaran. Aku dadi sadhar yen tumindakku mau jebule mujudake dosa pirang-pirang perkara, lan bakale dosaku sambung-sumambung tanpa ana enteke. Aku wis tumindak Zina, nglanggar sumpah jabatan, ngerusak bale wisma wong liya, gawe sangsara sintru sing lunga sapan-sapan, lan sing ora bakal ana enteke. Aku ngelelerake anaku dhewe, tanpa dak ngerteni.”

(Suryadi WS, 1993:91)

### **2.1.1.3 Reca Rara Joggrang**

Nyawang candhi Jonggrang kang ngadeg jenggarang. Ya mung reca Rara Joggrang iku mandhep mengalor utawa ngadep ing gunung merapi. Pralambang reca Rara Joggrang kang kaya ngono iku nduweni arti yaiku wanita nduweni pepinginan dhuwur.

Fenomena kang kaya ngono kuwi bisa dadi inspirasi salah sawijine paraga jroning novel *Sintru, oh Sintru* arane Sintru. Sintru Pepinginan amrih oleh kalunguhan sejajar karo priya ora mung ing pegaweyan wae, nanging kalungguhan iku uga ing perkara nata bale wisma. Sintru ora gelem dijajah lan dikuwasai dening Priya, kaya lumrahe wong lanang dening bojone. Nalikane Sintru kepengin omah-omah karo Mursid, Sintru nduweni panjaluk Kang nemtokake kawicaksanan bale wisma iku Sintru dudu Mursid. Pepinginan kaya ngono iku wis dadi wateke Sintru.

“Aku bisa!” ucape mantep. “aku bisa dadi Rara Joggrang.”

Thukul gagasan anyar ing batine, “Dadi nek ngono, toko iki dakjenengake Toko Jonggrang.”

Sintru wis mantep tenan. Sintru kepengin mbuktekake yen wong wadon kaya dheweke bisa mrentah lan ngereh wong lanang-lanang, para kuli kang ngunggah-ngunggahake bahan lan dagangan saka trek, para sopir kang bakal ngeterake bahan menyang omah.

(Suryadi WS, 1993:40)

#### 2.1.1.4 Sintru Tumekane Pati

Sintru tumekane pati nduweni arti yen Perjuwangane Sintru amrih oleh kalunguhan sejajar karo priya ora mung ing pegaweyan wae, nanging kalungguhan iku ana ing perkara nata bale wisma iku ora trep kanggo budaya Jawa. Ana bebaskan wong lanang amba jangkahe, wong wadon ribed lakune. Amerga bebaskan iki, bale wisma banjur ditata kaya saiki. Wong lanang dadi kepala somah, ngatur kabeh kawicaksanan, bebas lunga mrana-mrana awit kudu golek guna kaya kanggo nyukupi kabutuhane lan nuruti panjaluke bojone. Wong wadon mung kudu bekti lan mituhu dhawuhing pria.

Partini nyawang Sintru, ora ngira wanita sing biyen kebak semangat lan tenaga saiki gumlethak ringkih, kaya wis kentekan daya panguripane. Pepenginan Sintru amrih oleh kalunguhan sejajar karo priya. Pepenginan wis ora ana ing atine Sintru. Dheweke benerake kandhane Partini yen wanita ora perlu nandhingi kekuatan lan keraosan wong lanang, nanging luwih becik ngupakara kaendahan kang ana ing regemane iku. Para priya kang katone gagah prakosa kebak kekuatan, tinemu nglumpruk tanpa daya ing ngarepe wanita kang tinakdir kanggone kaendhaning urip. Ironing teks nggambarake Sintru benerake kandhane Partini.

“Iku mung lelakon ing latar buri kono. Nanging bisa dibabar ing urip kang gumelar ing donya iki. Jebul bener kandhamu, wong ayu. Para priya kang katon gagah prakosa kebak kekuatan iku, tinemu nglumpruk tanpa daya ing ngarepe wanita kang tinakdir kanggone kaendhaning urip.”

(Suryadi WS, 1993:127)

Wanita iku tinakdir ngregem kaendahan lair batin. Kang dayane ngungkuli kekuatane lan keraosane priya. Ya merga saka iku, priya kang gagah birawa kuwat njugrug. Gunung merapi, wekasane mung tundhuk teluk ing pangkonane wanita, lumpuh dening esem saklaceman, nglumpruk dening liring saplerokan. Nalikane wanita wis mbengok kaya lampor, ora ana siji priya kang bisa mrentah wanita supaya nggocengake awake nanging kanthi eseme kang endah mula iku wanita ora perlu nandhingi kekuatan lan karosane priya.

## 2.1.2 Simbolik

### 2.1.2.1 Sintru

Pralambang sintru jroning novel *Sintru, oh Sintru* nduweni arti wingit. Wingit ing novel iki pancen trep karo kahanane novel. Salah sawijine guru mudha nduweni niat tetulungan marang Sintru arep babaran ing sampingan bulak, nanging niat kang mulya iku ora ditrima nganti rasa bungah, lan Mursid disentak-sentak dening Sintru. Pralambang Sintru pancen wingit, wanita kang ora wedi dening wong lanang lan ora lumrahe wong wadon meteng tuwa nyetir mobil dhewe ing sampingan bulak kang sepi.

“Astagfirullah hal adhiem, apa kowe arep babaran?”

“Iya”, saure wong iku isih karo ngeses-ngeses.

“Nek ngono kowe perlu dak tulung.”

“Apa?” wong iku nyentak, gawe kagete Mursid. “Wong lanang aja kumawasa, klebu kowe, aku ora butuh pitulungmu. Anggepmu wong wadon iku mung gumantung tetulungane wong lanang?”

“Dhik, aku percaya kowe ora butuh tetulungan. Nanging iki ana sampingan bulak, ora ana lampu, ora ana piranti kanggo ngupakara bayimu saumpama kepeksa lair kene, tur hawane adhem angine sembricit. Apes kowe butuh papan kang brukut lan padhang sarta ana banyu. Apa kena mbantu kowe alihan saka kene menyang papan kang luwih prayoga?”

(Suryadi WS, 1993:10)

Pralambang Sintru trep karo jenenge. Suryadi WS nduweni keunggulan kanggo pemilihan jeneng ing para paraga-paraga novel kang ditulis. Sintru, wanita Jawa kang ora lumrahe wanita kang biyasane, bisa diarani wanita kang angker nalika nduweni pepinginan amrih oleh kalunguhan sejajar karo priya ora mung ing pegaweyan wae, nanging kalungguhan iku uga ing perkara nata bale wisma. Sintru ora gelem dijajah lan dikuwasai dening Priya, kaya lumrahe wong lanang karo bojone. Nalikane Sintru pepinginan omah-omah karo Mursid, Sintru nduweni panjaluk kang nentokake kawicaksanan bale wisma iku Sintru dudu Mursid.

“Aku ora njaluk tebusan. Mas, mung siji panjalukku : kowe aja njajah lan nguwasani aku kaya lumrahe wong lanang dening bojone. Dak cukupi kabeh kebutuhanmu, dak aturi kabeh panjalukmu, nanging kowe kudu manut aturanku. Cekake: sing nentokake kawicaksanan bale wisma aku.”

(Suryadi WS, 1993:63)

Suryadi WS jlentrehake yen Sintru iku wanita kang wingit, nganti dheweke nduweni sipat galake ora kalah karo ula lan sapi kang diopeni karo Sutar. Galake Sintru iku, nalikane omah-omah karo Sutar. Ironing teks iku terang-terangan Sintru nduweni watak kang galak.

“Kuwajibane Sutar mung ngopeni ula lan sapi lanang sing galake kepati. Iku yen awan. Lan yen bengi ngopeni Sintru dhewe sing ora kalah galak karo ula lan sapi iku.”

(Suryadi WS, 1993:57)

### 2.1.2.2 Mursid

Pralambang Mursid yaiku utama utawa guru. Pralambang Mursid iki dadi pralambang becik kaya pergawean kang dilakoni yaiku guru. Guru iku kudu nduweni asipat kang bisa digugu lan ditiru dening wong liya. Guru iku dudu mung *profesi* wae, nanging guru iku *pengabdian* dening masyarakat lan bangsa. Partini ngucap yen Mursid, manungsa kang ora duwe watak cidra.

“Aku ora ngandel, mas sajrone rong taun pepacangan, durung ana mambune yen Mas Mursid duwe watak cidra kaya ngono.”

(Suryadi WS, 1993:24)

Pralambang Mursid, guru mudha sabar lan sareh. Paraga ing novel *Sintru, oh Sintru* ora ana kang nduweni sipat kang sabar lan sareh kaya Mursid. Sipat sabar lan sarehe Mursid iku bisa bisa diwawas saka partikele Mursid tetulungan marang Sintru.

“Mursid mbatin, aneh wong iki. Ditakoni becik-becik kok wangsulane nyentak-nyentak terus. Nanging dhasare Mursid wong sabar lan sareh, dadi ya ora serik. Malah nyambung guneme, aku ora sedyala, aja kuwatir. Aku mung arep tetulungan yen ana apa-apa.”

(Suryadi WS, 1993:10)

Mursid kang dadi pralambang ing novel iki, bisa dadi pralambang kang bedha karo pralambang liyane. Kayata ing pralambang Sintru, Sambu, Rara Joggrang lan Gunung Merapai. Pralambang Mursid luwih ngutamakake nilai-nilai *kemanusiaan*.

## 2.2 Gegayutane Struktur Intrinsik lan Pralambang

Analisis struktural karya sastra sajrone karya fiksi, bisa ditindakake kanthi ngidentifikasi, nintingi, lan deskripsikake tujuwan saben-saben unsur lan sesambungan antar unsur *intrinsik* fiksi kasebut (Nurgiyantoro, 1995:37). Unsur siji karo unsur liyane, utawa bagiyane siji karo bagiyane liyane, kang ana sesambungane ing sajrone karya sastra. Kanthi neliti unsur-unsur struktural bisa dimangerteni sajrone karya sastra kanthi utuh, amarga unsur-unsur mau ana gegayutane lan ora bisa dipisahake.

Suryadi WS salah sawijine Juru sastra kang nduweni kekuwatan imajenasi kang ndhuwur lan bisa dadekake pralambang-pralambang iku bisa ana gegayutane karo unsur-unsur intrinsik ing novel kang diracik dadi crita novel kang endah. Crita kang mujudake srana utawa alat kanggo mbedah gagasan kang dadi cita-citane pangripta, yaiku dominasi para priya ing urip bebrayan arep didobrak dening Sintru. Sintru wani ndhobrag dominasine Candra, sisihane.

Novel *Sintru, oh Sintru* mujudake novel *realisme tragis*, amarga praga utama ing pungkasane crita tumekane pati jalaran disundhang Sapi. Tumekane pati Sintru iku diggambarake Suryadi WS ing urip bebaryan wanita Jawa kang ora bisa nduweni kalunguhan kang sejajar dening priya, nalikane tata cara ing bale wisma kang dominan ngurusi perkara sosial utawa jobo iku para priya, nanging ing perkara *domestik* iku dipasrahake ing wanita, perkara momong anak, umbah-ubah, masak lan sapanunggalane. Novel *Sintru, oh Sintru* uga kasebut novel *realisme simbolik*, unsur-unsur intrinsik lan pralambang ing crita bisa ditemoni ing kahanan saiki, kaya dene reca Rara Jonggrang, Gunung Merapi, telatah Kelaten, Jogjakarta, dukuh Sentul lan sapanunggalane.

## 3. DUDUTAN

Unsur-unsur intrinsik novel *Sintru, oh Sintru*, kaya dene panggonan ana gegayutane karo kasuyatan. Umpamane jenenge kutha, candhi, guru lan sapanunggalane. Unsur-unsur intrinsik mujudake pralambang kang nduweni teges, nanging nuwuhake endsahe novel dening karya sastra.

Suryadi WS salah sawijine pangripta kang nduweni kekuwatan imajinasi dhuwur lan bias dadeake pralambang-pralambang iku bias ana gegayutane karo unsur-unsur intrinsik ing novel diracik dadi crita endha. Crita kang mujudake srana utawa alat kanggo mbedah gagasan kang dadi cita-citane Suryadi WS.

Novel *Sintru, oh Sintru* mujudake novel realism tragis, amerga praga utama ing pungkasane crita tumekane pati jalaran disundang sapi. Tumekane pati Sintru iku diggambarake pangripta ing urip bebaryan wanita Jawa ora bias nduweni kalungguhan sejajar dening priya, nalikane tata cara ing bale wisma kang dominasi ngurusi perkara social utawa jobo iku para proya, nagging ing perkara *domestic* iku dipasrahake ing wanita, perkara momong anak, umbah-ubah, masak lan sapanugalone. Novel *Sintru, oh Sintru* uga kasebut novel *Realisme Simbolik*, Aspek Simiotik ing novel iki kaya dene ing ikonik an areca Rara Jonggrang, Gunung Merapi, lan Sintru tumekane pati lan unsure simbolik iku ana ing jenenge paraga Sintru lan Mursid.

4.

#### 5. DAFTAR KAPUSTAKAN

Aminuddin. 1987. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo

Aminuddin. 1990. *Pengembangan Penelitian Kualitatif dalam Bidang Bahasa dan Sastra*. Malang: Yayasan Asih Asah Asuh

Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta : PT Rineka Cipta

Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Pusat Pembinaan & Pengembangan Bahasa Depdikbud

Endraswara, Suwardi. 2010. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala

Endraswara, Suwardi. 2010. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Presindo

Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Indonesia

- Jabrohim. 2002. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widya
- Luxembrug, Jan van. dkk. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Najid, Moh. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press
- Nurdiyanto, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Purwadi. 2009. *Pengkajian Sastra Jawa*. Yogyakarta : Pura Pustaka
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta : Pura Pustaka
- Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Sugihastuti, dkk. 2005. *Kritik Sastra Feminis*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Sugiyono. 2009. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif Dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Sumardjo, Jakob. 1994. *Masyarakat dan Sastra Indonesia*. Yogyakarta: Nur Cahaya
- Sunarto. 2001. *Metodologi Penelitian Ilmu Sosial dan Pendidikan*. Surabaya: UNESA Press
- Surachmad. 1985. *Pengantar Penelitian Dasar: Metode dan Teknik*. Bandung: Tarsita
- Suryadi WS. 1993. *Sintru, oh Sintru*. Surabaya: CV. Sinar Wijaya
- Susilastuti, Dewi H. 1993. *Dinamika Gerakan Perempuan Indonesia*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra & Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Gramedia
- Wellek, Rene dan Austin Werren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia

